



**MALDEN PUBLIC SCHOOLS**  
77 Salem Street, Malden, MA 02148  
Telefòn: 781-397-6100 Faks: 781-397-7276  
[www.maldenps.org](http://www.maldenps.org)

**John Oteri, M.Ed.**  
Siveyan Jeneral Lekòl yo

**Kelly Chase, Ed.D.**  
**Michael Wood, CAGS**  
Asistan Siveyan Jeneral Lekòl yo Schools

---

12 Mas 2020

Chè Fanmi Malden Public Schools yo,

M ap ekri nou avèk enfòmasyon enpòtan sou etap distri a ap pran pou asire sekirite ak byennèt elèv nou yo, pèsonèl nou, ak fanmi nou yo, pandan sitiyasyon Kowonaviris la kontinye ap evolye.

Sou baz kondisyon yo ki kontinye ap evolye akòz epidemi COVID-19 k ap pase atravè eta a, Malden Public Schools, an kolaborasyon avèk dirijan Vil Malden yo, pran desizyon pou yo fèmen tout lekòl Malden Public Schools yo apati demen, vandredi 13 mas 2020. **Kòm sitiyasyon an kontinye ap evolye, lekòl Malden Public Schools yo pral rèt fèmen jiska nouvèlòd.**

Desizyon pou fèmen lekòl yo pa yon desizyon nou pral alalejè. Nou konprann gravite konsekans aksyon sa a pral pote. Nou konprann se yon sitiyasyon ki vrèman difisil pou fanmi yo fè fas avè l. Sepandan, nou kwè etap sa yo nesèsè lè n teni kont de enfòmasyon nou jwenn nan men espè lokal yo ak espè leta yo pandan jou ki sot pase yo.

Pou manm pèsonèl yo, pandan jou k ap vini yo, Siveyan Jeneral Lekòl la pral travay an kolaborasyon avèk Asosyasyon Edikasyon Malden nan pou finalize plan nou pou tan k ap vini yo. Nou pral bay pèsonèl la ak fanmi yo mizajou pandan jou k ap vini yo avèk plis enfòmasyon sou plan nou pral fè yo.

N ap mande w pou w rete fleksib epi pou w ban nou sipò w ak konpreyansyon w pandan n ap travay pou n pi byen konble bezwen kominote a genyen yo nan moman difisil sa a.

Sensèman,

John Oteri  
Siveyan Jeneral Lekòl yo